



Pou Piblikasyon Imedya: 01/03/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PLIS PASE 43 MILYON DOLA SIBVANSYON POU
FAZ III NOUVO PWOGRAM ENTÈNÈT RAPID NEW YORK LA POU
REJYON KAPITAL**

19,774 Kay ak Konpayi Pral Gen Aksè a Entènèt a Gwo Vitès

Atenn Objektif Gouvènè a pou Bay Aksè a Entènèt Rapid pou Tout Nouyòkè

Sibvansyon Faz III yo ak Enfòmasyon Blòk Resansman yo Disponib [Isit la](#)

***Enfòmasyon sou Sibvansyon pou Konte ak Minisipal ou kapab Chache
Disponib [Isit la](#)***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a gen 43.6 milyon dola sibvansyon pou Faz III Nouvo Pwogram Entènèt Rapid New York lan (New NY Broadband Program) ke yo te distribye nan Rejyon Kapital. Sibvansyon yo pral ranfòse plis pase 71 milyon dola investisman piblik-prive pou entènèt rapid ak ofri aksè a entènèt rapid bay 19,774 kay ak lòt lokal nan rejyon an. Yo te akòde sibvansyon kòm twazyèm ak dènye etap nan pwogram, pou reyalize pwomès Gouvènè a pou li konekte tout moun New York ak entènèt a gwo vitès pou premye fwa nan istwa eta a.

“Aksè a entènèt rapid nan pyès moman pat janm pi enpòtan pase jodi a pou rezidan ak konpayi New York yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Lè nou pran avantaj de investisman leta ak finansman prive epi finansman federal, n’ap konstwi yon New York ki pi solid, pi entelijan ak pi konkiransyèl ki pozisyon pou li vini lidè nasyon an kòm premye eta ki reyalize konektivite total.”

An total, 16 pwojè ki sibvansyone pral abòde pwoblèm teritwa ki san sèvis yo nan Rejyon Kapital. Prèske yo pral deplwaye 2,253 kilomèt enfrastrikti entènèt rapid, k ap ofri rezidan ak konpayi atravè rejyon an aksè a nouvo opòtinite ekonomik. Lè yo te lanse Nouvo Pwogram Entènèt a Gwo Vitès nan New York nan 2015, 73 pousan rezidan Rejyon Kapital - plis pase 371,000 kay - pat gen aksè a entènèt a gwo vitès

Sibvansyon rejyonal yo te anonse jodi a fè pati total 225.5 milyon dola sibvansyon Faz III Nouvo Pwogram Entènèt Rapid nan New York. Investisman eta sa a pral ranfòse yon total 385.5 milyon dola nan kad Faz III pou enfrastrikti entènèt a gwo vitès ak sipòte koneksyon pou prèske 129,000 lokal. Sibvansyon sa yo enkli fon Faz III ki te deja

anonse, plis yon lòt 15.8 milyon dola an sibvansyon eta a te akòde pou konplete finansman pwogram lan.

Vil Prensipal nan Rejyon Kapital ki Pral Benefisye nan Faz III Ekspansyon Entènèt a Gwo Vitès

Konte Albany			
Komin	Sibvansyon Eta	Investisman Total	Lokalite yo adrese
Berne	\$1,415,679	\$1,854,997	524
Colonie	\$1,028,246	\$1,296,060	469
Rensselaerville	\$975,643	\$1,340,013	431
Westerlo	\$542,644	\$839,069	1,156
Albany (City)	\$134,745	\$174,592	228

Konte Columbia			
Komin	Sibvansyon Eta	Investisman Total	Lokalite yo adrese
Claverack	\$518,311	\$1,010,853	169
Ghent	\$398,113	\$516,561	175
Taghkanic	\$397,742	\$904,938	121
Livingston	\$141,346	\$287,456	43
Gallatin	\$85,465	\$278,212	26

Konte Greene			
Komin	Sibvansyon Eta	Investisman Total	Lokalite yo adrese
Lexington	\$1,384,542	\$3,157,129	484
Catskill	\$1,375,613	\$2,017,220	787
Cairo	\$1,221,008	\$1,752,890	703
New Baltimore	\$553,355	\$695,772	311
Greenville	\$383,001	\$680,185	227

Konte Rensselaer			
Komin	Sibvansyon Eta	Investisman Total	Lokalite yo adrese

Hoosick	\$1,963,276	\$2,757,812	277
Grafton	\$338,455	\$444,561	100
Pittstown	\$337,648	\$568,881	124
Petersburgh	\$105,001	\$192,759	18
Berlin	\$64,801	\$83,088	12
Schaghticoke	\$41,749	\$73,377	70

Konte Saratoga			
Komin	Sibvansyon Eta	Investisman Total	Lokalite yo adrese
Stillwater	\$98,136	\$124,533	88
Northumberland	\$85,336	\$114,642	106
Saratoga	\$66,708	\$89,594	142
Moreau	\$38,273	\$56,732	223
Day	\$25,988	\$40,541	163

Konte Schenectady			
Komin	Sibvansyon Eta	Investisman Total	Lokalite yo adrese
Duanesburg	\$1,776,353	\$2,694,026	328
Princetown	\$211,356	\$307,028	94
Rotterdam	\$74,032	\$109,513	74
Glenville	\$630	\$900	4

Konte Warren			
Komin	Sibvansyon Eta	Investisman Total	Lokalite yo adrese
Johnsburg	\$3,245,431	\$4,063,293	944
Thurman	\$2,025,459	\$2,593,396	755
Stony Creek	\$742,530	\$934,027	273
Warrensburg	\$220,587	\$285,420	106
Chester	\$13,860	\$19,864	87

Konte Washington			
Komin	Sibvansyon Eta	Investisman Total	Lokalite yo adrese
White Creek	\$4,157,207	\$6,098,124	609
Hebron	\$3,485,295	\$6,296,700	1,074
Cambridge	\$2,948,047	\$5,043,638	540
Putnam	\$1,177,977	\$2,396,929	379
Jackson	\$1,166,745	\$2,033,025	283
Easton	\$1,152,084	\$2,551,207	448
Salem	\$1,111,167	\$2,367,439	482
Hartford	\$1,095,927	\$2,105,305	410
Dresden	\$847,463	\$1,620,282	704
Argyle	\$689,386	\$1,307,554	352
Hampton	\$653,604	\$1,181,897	385
Granville	\$588,270	\$988,461	581
Fort Edward	\$451,739	\$899,665	182

Sibvansyon Faz III yo nan Rejyon Kapital

Konpayi	Pwojè	Sibvansyon Eta	Angajman Prive ak Federal	Investisman Total
Fairpoint Communications	1	\$436,846	\$112,678	\$549,523
G-Tel Teleconnections	2	\$882,761	\$1,229,907	\$2,112,668
Hudson Valley Wireless	2	\$2,707,251	\$1,033,029	\$3,740,281
Hughes Network Systems, LLC	2	\$1,721,946	\$1,398,216	\$3,120,162
Middleburgh Telephone Company (MIDTEL)	1	\$2,318,108	\$579,523	\$2,897,630
Mid-Hudson Data Corp.	2	\$4,474,125	\$2,010,932	\$6,485,058
MTC Cable	1	\$1,578,674	\$1,941,133	\$3,519,807

Slic Network Solutions	2	\$17,495,854	\$12,845,773	\$30,341,628
Verizon Communications	3	\$12,002,391	\$6,260,124	\$18,262,514
Total	16	\$43,617,956	\$27,411,315	\$71,029,271

Plis enfòmasyon sou sibvansyon Faz III, sa enkli done sou blòk resansman, yo disponib [isit la](#). Rezidan ak pwopriyetè antrepriz ka fè rechek sou sibvansyon Faz III nan nivo konte ak nivo minisipal [isit la](#).

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Howard Zemsky, te deklare, “Nouvo Pwogram Entènèt Rapid New York la se premye ki rive reyalize konektivite nan tout eta a, sa ki asire tout rezidan ak konpayi gen aksè a sèvis entènèt a gwo vitès. Envestisman piblik-prive pandan tout twa faz nan pwogram sa a pral sipòte nouvo kwasans ekonomik ak kreyasyon travay atravè rejyon an ak nan tout eta a”.

Vis-Prezidan Ekzekitif Inovasyon ak Entènèt a Gwo Vitès nan Empire State Development, Jeffrey Nordhaus, te deklare, “Nou felisite gayan nan Faz III epi nou kontan pou nou anonse plis pase 40 nouvo patenarya piblik-prive ki pral pote aksè a entènèt bon kalite, a gwo vitès bay chak ak tout pòsyon eta a ki san sèvis. Sa akonpli objektif anbisye Gouvènè a pou gen entènèt a gwo vitès nan tout eta a pou tout moun, epi sa rann New York premye eta ki reyalize konektivite total nan nasyon an”.

Manm Kongrè Paul Tonko te deklare, “Aksè a Entènèt a vitès rapid sa ap ouvri pòt opòtinite yo ki ap pèmèt etidyan yo rive fè devwa yo, pèmèt doktè ak enfimyè yo bay sèvis telemedsin yo, epi pèmèt antreprenè ak ti biznis yo kòmanse, devlope epi pwospere. Mwen t’ap batay pou garanti finansman entènèt rapid pou Eta New York lan epi mwen felisite Gouvènè Cuomo poutèt efò sa, ki pral bay yon pa annavan enpòtan pou aksè ki elaji sou tèren an pou plizyè milye kay ak biznis yo. Nou gen anpil travay pou nou fè pou pwoblèm sa ki gen ladan modènize kat aksè a entènèt rapid nou yo pou ke yo kapab reflekte ak presizyon nivo vitès ak aksè reyèl yo ke kominote yo te eksperimante nan rejyon nou an. Sa se yon premye pa ki presye”.

Manm Kongrè Elise Stefanik te deklare, “Entènèt a vitès rapid li enpòtan anpil pou kapab reyisi nan yon ekonomi 21èm syèk, epi mwen bat bravo pou anons sa pou asire ke fanmi yo ki atravè distrik nou an ap gen aksè a resous sa ke yo bezwen an. Nan ogmante aksè a entènèt rapid sa pral ogmante komès nan rejyon nou an epi elaji opòtinite edikatif yo pou timoun nou yo. Nou dwe kontinye travay ansanm onivo lokal, eta ak federal pou asire ke fanmi nan Rejyon Kapital yo gen resous ke yo bezwen”.

Lè yo te lanse Nouvo Pwogram Entènèt a Gwo Vitès nan New York an 2015, 30 pousan moun New York - apeprè 2.42 milyon lokal - pa t gen aksè a entènèt a gwo vitès. Sa te parèt pi aklè nan uit rejyon Konsèy pou Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Council, REDC) nan Rejyon Nò, kote se sèlman 35 pousan moun New York ki te gen aksè. Kòm rezilta finansman nan kad premye Etap Pwogram lan ak lòt modènizasyon eta a te ajoute, yo te elaji aksè a entènèt a gwo vitès bay plis pase 2.2 milyon lokal, pou 97 pousan moun New York. Nan Etap II finansman yo, yo te

alò elaji kouvèti bay plis pase 80,000 lokal, pou 98 pousan moun New York. Jodia a, lè yo anonse sibvansyon pou Etap III yo, Pwogram lan akonpli misyon li pou fè entènèt a gwo vitès disponib nan tout eta - li ofri finansman pou dènye etap la pou li asire tout moun New York gen aksè a entènèt a gwo vitès apati fen 2018.

Objektif pwogram lan se reyalize aksè nan tout eta a kote vitès telechajman sou entènèt touche omwen 100 megabit chak sekonn ak 25 megabit chak sekonn nan zòn ki pi rural ak pi elwaye yo. Apre ekzekisyon konplè angajman yo te anonse yo, 99.9 pousan moun New York pral gen aksè a entènèt a gwo vitès - ak prèske 99 pousan ak vitès 100 Mbps oubyen pi plis. An akò ak priyozasyon Pwogram lan pou zòn ki san sèvis yo, nan fon yo deplwaye pou entènèt a gwo vitès, prèske 90 pousan nan tout finansman an yo te atribye yo a pwojè ki pral adrese zòn nan eta ki san sèvis, y'ap konekte zòn sa yo pou premye fwa.

Atravè Etap I, II ak III, Biwo Pwogram Entènèt a Gwo Vitès la (Broadband Program Office) kounye a te finanse yon total 123 pwojè atravè patenarya piblik-prive ak 34 konpayi. Pwojè sa yo pral deplwaye entènèt a gwo vitès atravè nèf (9) Rejyon REDC, adrese zòn ki san sèvis ak zòn ki neglije nan chak konte nan rejyon nò tankou nan Long Island tou. An total, pwojè sa yo adrese plis pase 254,000 lokal epi yo pral deplwaye plis pase 33,800 kilomèt fib.

Komisyon Federal Kominikasyon (Federal Communications Commission, FCC)

Nan Etap III, kèk pwojè ki finanse pral pwofite efè 170 milyon dola nan kad sipò adisyonèl nan men Fon federal pou Konekte Etazini (Connect America Fund, CAF). Finansman CAF sa yo, yo te [re-angaje](#) bay Eta New York la atravè FCC kòm konsekans efò Gouvènè Cuomo, Empire State Development, ak reprezantan nan kongrè Eta New York la. Yo te ka potansyèlman detounen fon federal sa yo bay lòt eta, men kounye a y'ap rete nan New York.

FCC te ofri fon CAF yo dirèkteman bay Verizon Communications an 2015 pou konekte lokalite ki san sèvis nan tout New York. Verizon te refize òf pou sipò sa a. Men, kòm konsekans inisyativ entènèt a gwo vitès Gouvènè Cuomo a plis patenarya Eta New York la ansanm ak FCC, Verizon pral yon lòt fwa ankò deplwaye nouvo sèvis entènèt a gwo vitès nan zòn ki san sèvis nan eta a.

Kòm yon konsekans pwosesis konkiransyèl Faz III Pwogram lan, Verizon pral resvwa sibvansyon ki pral ankouraje 148 milyon dola nan nouvo investisman pou entènèt rapid nan tout eta a, sa enkli 85.3 milyon dola an finansman eta, 18.5 milyon dola nan kad sipò CAF ak prèske 45 milyon dola nan kad finansman prive. Pwojè sa yo pral pote rezo fib optik bay 18,314 lokal atravè Rejyon Nò New York, sa enkli 7,767 pou teritwa ki kalifye pou CAF. Sa enkli kantite yo te anonse deja - plis yon lòt 2,799 lokal yo fèk anonse anndan teritwa ki kalifye pou CAF. Menm si yo te inisyelman konsidere twò chè, òf gayan Verizon lan pou kay adisyonèl sa yo, Eta New York te reyisi negosye ak Verizon pou finanse pwojè sa a avèk yon pri ki pi ba. Yo te ajoute kay adisyonèl sa yo anndan sibvansyon Verizon lan epi yo pral resevwa kounye a sèvis entènèt rapid bon kalite.

An total, yo atann pou 11 konpayi resevwa plis pase 66 milyon dola nan kad sipò CAF, pou adrese 47,735 lokal atravè eta a. Eta New York sipòte patenarya piblik-prive ak founisè sèvis entènèt rapid ki gen tout tay, depi sou konpayi telefòn yon fanmi posede ale jiska konpayi telekominikasyon ki rekonèt nasyonalman.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)